

Anile nan Dat:

Inisyal Manm Pèsonèl la:

ETA NEW YORK  
OFFICE OF ADDICTION SERVICES AND SUPPORTS  
(BIWO SÈVIS AK SIPÒ POU ADIKSYON)

KONSANTMAN POU UTILIZE TELEPRATIK POU  
BAY TRETMAN POU ADIKSYON

Siyati Pasyan an	Prenon	Inisyal Dezyèm Prenon
Nimewo Dosye		
SANT		INITE

**ENSTRIKSYON:** BAY PASYAN AN YON KOPI FÒM NAN. Kenbe yon kopi orijinal konsantman sa a.

### KONSANTMAN EKLERE POU TELEPRATIK

**REZON OSWA BEZWEN POU KONSANTMAN:** Pou pèmèt yo bay tretman pou Maladi Itilizasyon Sibstans (Substance Use Disorder, SUD) avèk Telepratik jan sa presize nan Règleman OASAS Pati 830.

#### DEGRE OSWA NATI ENFÒMASYON YO

Mwen menm \_\_\_\_\_ ap bay enfòmasyon yo epi mwen konprann bagay sa yo konsènan sèvis yo bay ak Telepratik:

I. Deskripsyon:

Telepratik se lè yon pwogram sètifye OASAS bay sèvis tretman pou Maladi Abi Sibstans (Substance Use Disorder, SUD). Pwogram sa a gen otorizasyon pou bay Telepratik sou fòm Odyo/Vizyèl epi lè yo apwouve ak mwayen telefonik. Telepratik se yon metòd pou jwenn sipò nan tretman ak rekiperasyon lè pa gen metòd fas-a-fas disponib epi yo gen menm règ ak estanda klinik ou respekte ak sèvis fas-a-fas yo. Lè sa apwopriye, yo ka ranbouse nan Plan Asirans Medicaid ak Komèsyal yo.

II. Konfidansyalite:

Moun ki itilize Telepratik dwe respekte egzijans konfidansyalite nan seksyon 42 CFR ak HIPAA pou pwoteksyon enfòmasyon prive moun ak konfidansyalite pandan y ap bay sèvis nan Telepratik. Yo sipoze bay Telepratik ak teknoloji telekomunikasyon ki konfòme ak estanda konfidansyalite lwa eta ak federal yo. Pwofesyonèl swen sante ki itilize Telepratik yo pral fè tout efò rezonab pou diminye risk ki ka genyen lè w itilize Telepratik. Epi tou mwen konprann yo pa pral re-pataje enfòmasyon konfidansyèl mwen san konsantman mwen.

III. Dwa Pasyan:

Epitou, Telepratik dwe respekte egzijans Pati 815 OASAS Pati 815 nan Règleman Dwa Pasyan yo. Mwen ka voye enkyetid konsènan tretman mwen nan [PatientAdvocacy@oasas.ny.gov](mailto:PatientAdvocacy@oasas.ny.gov). Mwen konprann mwen ka refize sèvis ak Telepratik nenpòt ki lè:

Mwen menm, moun ki siyen anba la a, te li enfòmasyon yo ki anwo a epi mwen otorize manm pèsonèl \_\_\_\_\_, pou bay mwen sèvis tretman SUD ak Telepratik. Mwen konprann mwen ka anile konsantman sa a alekri nenpòt ki lè sof pou sa yo te gentan fè grasa li epi, epi nan tout ka konsantman sa ap ekspire konsa:

\_\_\_\_\_  
(Siyati Pasyan an)

\_\_\_\_\_  
(Siyati Paran/Responsab Legal la, lè sa nesèsè)

\_\_\_\_\_  
(Non Pasyan an ekri ak lèt yo detache)

\_\_\_\_\_  
(Non Paran/Responsab Legal la ekri ak lèt yo detache)

\_\_\_\_\_  
(Dat la)

\_\_\_\_\_  
(Dat la)

Dekri otorite ki pou siyen pou Pasyan an: